

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan Sunda sabagé kabudayaan daérah anu ajeg mandiri dina hiji fungsi, nya éta salaku référénsi pikeun masarakatna. Sok sanajan dina situasi sosialna kurang pangajén ti palaku masarakat tinuturna. Tapi pikeun sabagéan kaum akademisi/panalungtik, kabudayaan Sunda teu weléh jadi bahan référénsi jeung udagan panalungtikan. Contona Naskah Palintangan (NP) atawa masarakat mindeng méré jujuluk Paririmbon.

NP sagemblengna mangrupa kréativitas anu dimaniféstasikeun dina rupa-rupa media, boh lontar, keretas saéh, boh media séjén. Ari aksara anu dipaké nulis NP nya éta aksara Sunda Kuna, Cacarakan, Pégon, jeung Latén. Tangtuna tulisan-tulisan anu diébréhkeun dina NP henteu dapon ditulis wungkul, tapi euyeub pisan ku rupa-rupa informasi anu dicangkingna. Tumali jeung éta perkara, Suryaatmana, Spk. (1993:2) nandeskeun yén salah sahiji sumber informasi kabudayaan daérah anu kawilang penting, nya éta naskah buhun.

Enas-enasna NP mangrupa dokumén kabudayaan anu eusina sajumlahing data jeung informasi pikiran, rasa, jeung karsa sarta budaya ti hiji bangsa atawa kelompok sosial budaya hiji bangsa. Salaku sumber informasi sosial budaya, NP mangrupa salah sahiji unsur budaya anu patali jeung kahirupan dina hirup kumbuh sapopoé, turta dina wengkuan sosial budaya masarakat anu gumelar jeung ngarojong kana éta naskah.

Informasi-informasi anu diébréhkeun dina NP anu gumelar di masarakat bisa kaungkab eusina saupamana tulisan atawa aksara jeung basana kacangking (Rosidi, 2010:31). Di sagigireun éta, kasampurnaan naskah bakal nangtukeun kana hasil analisis anu digarapna. Dina waktu panalungtikan, perkara anu kasabit di luhur moal kacumponan sakabéhna. Rata-rata tulisan NP geus hésé dibaca, dibarung kurangna ahli anu ngawasa kana wangun tulisan naskah ngabalukarkeun magolna prosés garapan panalungtikan. Katurug naskah-naskahna geus teu lengkep sakumaha mistina (upamana soék jeung mangsina geus luntur nepi ka hésé dibaca) (Rosidi, 2010:98).

Di saluareun anu kasabit di luhur, hahalang séjén, nya éta anu tumali jeung masarakat anu nyekel NP. Aya masarakat anu masih kénéh muhit, tunduh, jeung hormat kana pitutur generasi saméméhna geusan ngarumat naskah, sok sanajan lamun dilenyepan mah *irasional*. Atja (1970:5) nepikeun, yén:

“... para pemilik naskah meskipun dengan sikap yang segan-segan bersedia pula untuk memperlihatkan miliknya, mereka umumnya ketakutan, karena naskah itu merupakan pusaka peninggalan para leluhurnya yang harus “dipusti-pusti”, dipelihara dengan sebaik-baiknya... peninggalan tersebut berupa amanat yang sebenarnya harus diamankan isinya. Padahal pada umumnya hanya disimpan serapi-rapinya, tanpa diketahui apa isinya. Malahan tidak boleh disentuh, kecuali pada pertengahan bulan Rabiulawal.”

Saupama lalangsé saperti anu diécéskeun di luhur bisa disingkahan, rupa-rupa informasi, boh tumali jeung wujud naskah, boh jeung hiji tradisi masarakat dina hiji pajamanan bisa kaungkab.

NP mangrupa kréativitas. Kréativitas (il. Saini, KM., 1999:10) mangrupa unsur ruang jeung waktu atawa sajarah anu relatif ajeg jeung méré ciri has atawa idéntitas pikeun hiji kabudayaan. Tegesna, rupa-rupaning kabiasaan anu napak di

hiji masarakat, dina ieu hal Tatar Pasundan bisa kagambar tina hasil budayana ngaliwatan basa, sastera, jrrd. (Rosidi, 2009:12).

Kabudayaan Sunda miboga sajumlahing wujud jeung unsurna, masing-masing bisa diintervénsi geusan ngawangun hiji wujud kabudayaan anu dipiharep. Tina runtuyan aspék abstrak-konkret, wujud kabudayaan bisa dipilah-pilah dumasar, a) wujudiah, b) kabiasaan/tingkah polah, jeung c) miboga sipat hasil prosés mikir, sipatna abstrak, kayaning; konsép-konsép atawa ajén-inajén, norma, jeung hukum (Sedyawati, 2008:106). Dumasar pedaran saméméhna, budaya Sunda anu dimaniféstasikeun kana rupa-rupa barang boh abstrak boh kongkret boh dina wangun kagiatan, ngalantarankeun ranah kabudayaan jadi leubeut ku hasil daya pikir dibarung ku siloka anu marenganana.

Tiori di luhur bisa dilarapkeun kana NP. Wangun NP mangrupa barang kongkret, sedengkeun konsép-konsép anu nyampak turta ngajanggélék dina eusi mangrupa barang abstrak. Dua aspék di luhur, mibanda ajén palsapah anu merlukeun daya tapsir sarta prosés mikir anu daria alatan miboga harti anu tangtu. Luyu jeung pamadegan Soekiman (2000:271) nu nétélakeun yén barang anu miboga daya irut jeung ciri husus anu sagemblengna miboga ma'na jeung sarat geusan harti simbolik anu tangtu.

Rosidi (2006:199) nepikeun yén NP kagolong kana wanda paririmbong atawa mujarobat. NP ditulis dina aksara Arab Pégon, ngadéskripsikeun ngeunaan hadé-goréng jeung naas-mujur. Salian dina NP, pedaran téh diébréhkeun ogé dina kai anu wangunna segi opat, nu ku masarkat Ciwidéy dibéré ngaran kolénjér, kokomprang, atawa tunuk. Palintangan jeung kolénjér méh sarua

fungsi jeung kalungguhanana di masarakat. Umumna, NP jeung kolénjér jadi rujukan dina sagala aktivitas masarakat nyoko kana jumlah angka dina poé lahir atawa nu mindeng disebut weton.

Jumlah angka weton biasana disebut naktu, minangka titik pamiangan anu paling dasar dina palintangan. Sedengkeun kagiatan-kagiatan anu ditataan dina babon palintangan teu jauh jeung kabiasaan-kabiasaan dina hirup kumbuh sapopoéna, kayaning pakasaban, kamasarakatan, jeung kaagamaan. Contona, pakasaban urang Sunda dina hirarki hirupna geus legok tapak genténg kadék nyanghareupan alam sabudeureunana dina ngokolakeun jeung ngolah alam. Ieu mangrupa unit ékonomi anu paling dominan sarta jadi pakasaban dina ékonomi pertanian. Umumna unit pertanian masarakat masih tradisional atawa basajan. Di Jawa Barat aya dua ragam tata cara anu tumali jeung ieu widang, nya éta pepelakan di sawah. Aya dua rupa sawah-sawah, anu maké sistem irigasi anu diatur ku manusa jeung sawah-sawah nu sistem ngokolakeun caina gumantung kana cai hujan atawa alam, istilahna ngahuma. Saacan usum ngijih, sawah-sawah anu gumantung ka alam (ngahuma) diselang ku pepelakan, saperti hui, bawang beureum, suuk, kacang bulu, jsté. (Koentjaraningrat, 1995:314).

Conto lianna anu dipatalikeun kana NP, nya éta urusan jodo. *Lamun nyiar jodo kudu ka kupuna* (hartina; lamun nyiar jodo kudu saluyu sagalana, boh rupa boh banda atawa turunanana) atawa *lamun nyiar jodo kudu sawaja sabeusi* (hartina; lamun néangan jodo kudu sababad jeung cocog dina sagala widang). Nengetan éta paribasa, nandakeun yén sistem perkawinan di Tatar Sunda mah teu sagawayah dina nangtukeun pijodoeun. Ieu pamadegan luyu jeung Sariyun dina

Abdul Rozak (2005:112), nu ngajéntrékeun yén urang Sunda miboga pantangan ngawin sadulur, tegesna dulur saindung-sabapa. Ieu papatah sangkan perkawinan dilaksanakeun jeung pihak anu dianggap hadé. Salian ti éta, aya kawajiban calon pangantén lalaki nyumponan sababaraha pasaratan, kayaning méré maskawin atawa mahar, gedé jeung leutikna gumantung kasapukan dua pihakanna sarta kamampuh lalaki. Sanggeus prosési kawinan réngsé, perlu ayana kasapukan antara dua pihak (kulawarga lalaki-awéwé) dina nagtukeun tempat pikeun pangantén anyar (*ultralokal* atawa *bilokal*). Naha cicingna di pihak kulawarga lalaki (*virilokal* atawa *patrilokal*) atawa pihak kulawarga awéwé (*uksrilokal* atawa *matrilokal*). Bisa ogé dumuk di panganjrekan anyar (*neolokal*). Éta sakabéh anu kasabit di luhur sagemblengna diatur dumasar palintangan.

Naskah Palintangan anu geus ditalungtik, nya éta *Paririmbón Sunda: Jawa Barat* beunang Émon Suryaatmana taun 1992 jeung hasil pananalungtikan Saléh Danasasmita & Anis Djatisunda taun 1986 *Kahirupan Masarakat Kanékés* anu eusina nyabit-nyabit masalah kalénder katut budaya séjénna anu tumali jeung aspék palintangan. Sedengkeun naskah anu geus dibukukeun, nya éta *Tutungkusan Babaran Kabatinan* ku R. Winarja Soeridirédja (tanpa taun).

Tina sajumlahing garapan panalungtikan NP jeung hasil obsérvasi di lapangan, sakanyaho panalungtik nepi ka kiwari can kungsi dilakonan panalungtikan NP sacara sémiotik. Padahal dina eusi téks, kebek pisan ku kode-kode basa sabagé konsépsi sosio-budaya masarakat Sunda mangsa ka tukang anu bisa jadi cecekelan pikeun kahirupan atawa papagon hirup (*way of life*) dina

sagala widang kagiatan. Ku sabab kitu, perlu diayakeunna panalungtikan anu judulna “*Palintangan Sunda: Ulikan Semiotik jeung Filologis.*”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pikeunn ngukur masalah-masalah anu baris jadi bahan panalungtikan ilaharna diatur dina bagbagan watesan masalah, luyu jeung kaperluan dina garapan panalungtikan. Suméndér kana éta hal, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana eusi NP jeung nu makéna. Sedengkeun anu jadi puseur panalungtikan, nya éta

- 1) Déskripsi NP jeung kolénjér;
- 2) Fungsi NP jeung kolénjér pikeun kahirupan masarakat sabudeureunna;
- 3) Babandingan eusi NP jeung kolénjér; jeung
- 4) Interprétasi indéksikal dina téks NP jeung kolénjér.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sakumaha geus kasabit-sabit dina kasang tukang, NP jeung kolénjér anu sumebar di masarakat masih kénéh can katalungtik kalawan gemet pikeun hasanah paélmaan. Padahal NP ilaharna dijieun/ditulis dina bahan anu gampang ruksak, kayaning ku faktor hawa (suhu), sato sabangsaning toko, ngenget atawa geget.

Salian ti éta, kiwari urang Sunda anu haat jeung lancar ngadéskripsikeun kolénjér kacida saeutikna. Balukar éta pasualan, hasil ulikan ngeunaan NP jeung

kolénjér kacida kawatesanan, pon kitu deui publikasina. Padahal NP jeung kolénjér teu éléh pentingna dibandingkeun jeung budaya séjén.

Tumali jeung éta pasualan, geus sawadina dina ieu panalungtikan dirumuskeun masalahna luyu jeung kaperluan panalungtikan. Sedengkeun anu jadi fokus panalungtikanna, nya éta

- 1) Kumaha déskripsina NP jeung kolénjér?
- 2) Naon waé fungsi NP jeung kolénjér pikeun kahirupan masarakat sabudeureunna?
- 3) Kumaha babandinganna eusi NP jeung kolénjér?
- 4) Kumaha interprétasi indéksikal dina téks NP jeung kolénjér?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Aya sababaraha tujuan panalungtikan anu baris dihontal, nya éta ngadéskripsikeun ngeunaan:

- 1) déskripsi NP jeung kolénjér;
- 2) fungsi NP jeung kolénjér pikeun kahirupan masarakat sabudeureunna;
- 3) babandinganna eusi NP jeung kolénjér; jeung
- 4) interprétasi sémiotik ngawengku interprétasi indéksikal dina; 1) NP jeung 2) kolénjér.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

1.3.2.1 Aspék Tioritis

Sacara paélmuan ieu panalungtikan miboga mangpaat, nya éta:

- 1) Midangkeun informasi ngeunaan palintangan sangkan bisa nambah pangaweruh séjén ngeunaan kabudayaan Sunda, sarta sacara teu langsung bisa ngamumulé banda budaya anu dipibanda ku masarakat salaku amanat karuhun anu salila ieu jadi papagon hirup (*way of life*) masarakatna;
- 2) Panalungtikan NP pikeun para panalungtik nu bakal datang bisa dimekarkeun luyu jeung ulikanna, turta saeutikna méré sumbangsih ka masarakat Sunda; jeung
- 3) Mikaweruh interprétasi indéksikal anu natrat dina rupa-rupa NP.

1.3.2.2 Aspék Praktis

Sacara praktis, ieu hasil panalungtikan bisa dipaké salaku bahan informasi atawa pangaweruh ngeunaan kabiasaan atawa tradisi masarakat Sunda dina hirup kumbuh sapopoéna. Sarta, ieu hasil panalungtikan dipiharep aya guna jeung mangpaatna pikeun panalungtik-panalungtik nu bakal datang.

1.4 Wangenan Oprasional

Saméméh midangkeun pedaran lianna, perlu dijéntrékeun heula istilah-istilah anu dipaké dina ieu judul. Sangkan sawanganana sarua, wincikanna kaunggel ieu di handap.

- 1) Naskah, nya éta kopé atawa karangan maké tulisan asli. Biasana naskah ditulis dina daun (lontar, kawung, nipah, jeung kalapa), pakakas tulisna maké péso pangot. Kabéhdieunakeun maké daluang atawa saéh jeung kertas pabrik. Alat tulisna kalam jeung ilaharna maké mangsi hideung.
- 2) Palintangan sakapeung disebut paririmbón, nya éta élmu pangaweruh anu gunana pikeun nangtukeun hadé-goréng pikeun migawé hiji kagiatan anu nyoko kana prosés itung-itungan, boh naktu, boh pasaranna, jrrd.
- 3) Sunda, nya éta masarakat anu dumuk di wilayah administratif Jawa Barat. Sedengkeun basa indung nu dipakéna, nya éta basa Sunda.
- 4) Sémiotik, nya éta widang élmu pangaweruh anu jadi alat pikeun nyurahan hiji karya sastera ngaliwatan tanda-tanda basa.

1.5 Anggapan Dasar

NP mangrupa hasil kréativitas buhun anu kiwari masih kénéh sumebar di masarakat, miboga fungsi jeung karakter pikeun nangtukeun hadé-goréng jeung naas-mujur. Satemenna aya sababaraha warna palintangan dina kahirupan

masarakat Sunda. Tapi anu jadi patokan dina ieu panalungtikan, nya éta NP anu ditulis dina aksara Arab Pégon, Latén jeung dina wangun kolénjér.

